Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 37 (7229) 9 сентябрь Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

## Аппараталъулаб совещаниялда



6 сентябралда райадминистрациялда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьениб бихьизабуна гIемерал кIвар бугел ишаздалъун бечедаб букIанин араб анкь,-абун. ТIобитIана гIадатлъун лъугьараб учительзабазул августалъулаб совещание, дандчIвана цIияб цIалул соналда, Замаиалъулаб поселокалда рагьана цIияб «Колобок» ясли-ах,-ян бихьизабуна бетIерас. Гьединго МахIачхъалаялда букIараб совещаниялда бихьизабуна нилъер лъай кьеялъул отделалъул хIалтIи лъикI бугин.

Аслиял суалазда тIадчIей гьабулаго бетIерас бихьизабуна гьабсагIаталда бищунго кIвар бугеб суал рищиязда хIадурлъи бугин, (лъалеб букIахъе гьел руго I8 сентябралда). Цогояб тIаса бищи гьабулаго гIадамазе хIинкъи гьечIолъи ва гьаркьал кьезе шартIал рукIинаризе кколин.

Хадуб хабар ккана трассабазда аскIосан ралел ругел бакIазул, гьениб гIадлу-низам гьабизе ккеялъул. ЖКХялъул вакиласул рагIабазда рекъон гьабсагIаталда гара-чIвариял унел руго гьел объектазул бетIергьабазулгун. Гьединго сельхозпереписалъул бицана М. ХIажиевас.

Модулярнияб дерматиталъ унтарал боцIул бицана ветврач ХI. МухIамадовас. **(Ахир 4 гьумералда)**

## ЦIурмица дарсазде ахIана



Гьале лъугIана риидалил каникулал. Республикаялда 379 азарго цIалдохъан гIодор чIана партабазда нахъа. I сентябралда Унсоколо районалъул щибаб школалдаги тIоритIана «Лъаязул къоялда» хурхарал праздникал. ТIоцебесеб цIумур кьабуна 340 тIоцере школалде рачунезе.

Районалъул школазде цIидасанги тIад руссана 3455 цIалдохъан. РакI-ракIалъ баркула гьезда цIияб цIалул сон байбихьи. ГIицIго лъикIал къиматал, интересал занятиял ва чорхое сахлъи, нужее, районалъул рукIинесел бетIергьаби!

18 сентябрь - рищиязул къо

## МустахIикъав кандидат

**3 сентябралда районалде вачIун вукIана РФялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидат А. Хархаров. Гьесулги избирателазулги дандчIвай букIана райадминистрациялда.**

**Абусупьян Хархаровас гIемерал саназ нухмалъи гьабулеб буго МахIачхъалаялъул ралъдал торговияб порталъе. ГьабсагIаталда вуго республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул гIакълочилъун.**



ДандчIваялда кIалъалаго А. Хархаровас бихьизабуна Унсоколо районалда жиндир гIемерал гьалбал ругин ва гьаниб дие кидаго хинаб гьудуллъиялъул асар загьирлъулин. Жиндирго хIакъалъулъ бицунаго кандидатас абуна кинабниги партияздасан вихьизавун гьечIин, кандидатура жинцаго лъураб бугин. Депутатлъун вахъун хадуб ракIалда бугин Дагъистан цIияб уровеналде бахинабизе ва бокьун бугин дагъистаниязе кумек гьабизе. «Дун гьавуна врачазул хъизаналда. КиналгIаги гIагарлъиги врачал руго. Амма дун ана экономикаялде. ЛъугIана-экономикияб институталъул промышлениияб отделение, гьенир хIадурулаан управлениялъулал бакIазе нухмалъулел. ХIалтIизе байбихьана I9 сон бараб мехалда, нечолаан эбел-инсухъа гIарац босизе ва хIалтIи байбихьана гIадатияб бакIалда. 2I сон бараб мехалъ дун вахъана лъикIаб гьечIеб хIалалда бугеб Кяхулай поселокалъул бетIерлъун. Гьениб лъабго сонида жанир рана жеги гIадамал жанир гIумро гьабун ругел рукъзал. Хадув хIалтIизе лъугьана хладокомбинаталде. Гьабуна бизнес. ГIуцIана финансовиябгун промышленнияб кампание. 26 сон балелде вахъана республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун. 30 сонил гIумроялда дирго къисмат бухьинабуна порталда. Гьеб хIетIалде бахъинабуна, хIалтIуде восана 2000 чи. Гьенив дун хIалтIана 11 соналъ. Жакъа вуго Рамазан ХIажимурадович Г1абдулат1иповасул командаялда ва республикаялъул кIвар бугел суалал тIуразариялъе кинабго гьабулеб буго. Жеги Дагъистаналъе хъулухъ гьабизе бокьун буго дие, бокьун буго гьеб цIияб борхалъиялде бахинабизе».



Хархаровасул рагIабазда рекъон цебе гьес мугIрузул Дагъистаналъе гIоло гьабураб гьесухъе лъикIлъилъун тIад буссунебги буго. Югалъулаб округалда вуго 570 азарго избиратель, I00 азарго избиратель хIадурго вуго гьесие гьаракь кьезе.

КIалъалаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна халкъалъ къабул гьавулев вукIине кколин депутат,-абун. –Нилъер район буго МугIрузул районазда гьоркьоб «визитнияб карточка» гIадинаб бакI. Гьединлъидал Госдумаялде жидерго вакил вихьизавулаго ансал кIудияб цIодорлъиялда ралагьула. Дида ракIалде ккола гIадамаз гьарурал ишазда рекъон къимат кьелин кандидатазе,- абун. КIудияб баркала нижехъе вачIаралъухъ!

Депутатлъиялде кандидатас жавабал кьуна районалъул гIадамазул суалазе ва рагIи кьуна район цебе бачиналъе квербакъи гьабилилан.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 37 (7229)*

*9 сентябрь 2016 сон*



6 сентябралда РДялъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасул бихьизабиялда рекъон МахIачхъалаялда тIобитIана «Наша партия - Дагестан!» абураб акция. Гьеб бухьараб буго I8 сентябралда тIоритIизе ругел рищиязда. Акциялъул гIахьалчагIи избирателазулгун гара-чIвари гьабизе 5 батIияб маршруталда щибаб къоялъ щвезе руго республикаялъул шагьараздегун районазде.




*18 сентябрь - рищиязул къо*

# ЦеретIурал ишаздалъун машгьурав



**2 сентябралда Шамильхъала поселокалда букIана РФялъул РДялда бугеб Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидат Маграмов ГIабдулмажид Варисовичасулгун муниципалитеталъул гIадамазул дандчIвай. Гьев «Единая Россия» партиялъул кандидатасда цадахъ районалде рачIун рукIана республикаялъул гIемерпрофильнияб больницаялъул бетIерав врач М. МахIачев, кандидатасул вакил А. ГIалиев, гьалмагъ М-ГI. ГьитIинов ва цогидалги. ДандчIваялда рукIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, замал М. ХIасанова, М. ХIамзатов, учреждениял-организациязул нухмалъулел.**

**Госдумаялъул депутатасул лозунг буго «Нижеца кинабго гьабила»,-абураб. Жиндирго рищиязда цебесеб избирателазулгун дандчIваялда ГI-М. Маграмовас жиндиего гIемераб рецц-бакъ гьабичIо, къокъго рищиязда цебесеб программаги цIалун тIадчIей гьабуна аслияб пунктазда.**

ГI. Маграмов гьавуна I956 соналда Кули районалъул Цовкра-2 росулъ. Гьениб школаги лъугIун цIализе лъугьана Москвалъул гидромелиоративияб институталде. ТIадегIанал къиматазда гьебги лъугIизабун цIализе лъугьана аспирантураялде. Вуго экономикиял гIелмабазул кандидат. Москвалда цIализе лъугьаралдаса гьесул гIумро бухьараб буго улкаялъул тахшагьаралда. Гьале 40 сональ гьес гIумро гьабулеб буго Москвалда. Гьелъ квал-квал гьабулеб гьечIо Маграмовасе гIагараб Дагъистаналъе кумек гьабизе. Жакъа гьев вуго Санкт-Петербургалда бугеб «Амелия» кампаниялъул «Гигровата – Санкт-Петербург» ЗАОялъул директоразул Советалъул председатель. Гьенир къватIире риччала медицинаялъул, косметическияб, сантариябгун-гигиенияб къайи. Гьединго рагьун буго «ПКФ» Тепличные технологии» ООО, улкаялда теплицабазул, питомниказул проектирование гьабулеб ва бан кIул кодобе кьолеб фирма,-ян бицана кандидатас.

-Дагъистаналда бан буго 560 хIалтIухъанасе бакI бугеб боцIул комплекс. Кумекал гьаруна республикаялъул лъималазул рукъзабазе, спортсменазе, больницабазе.

Жиндирго рищиязда цебесеб кампаниялъул бицунаго ГI. Маграмов мукIурлъана цереги ресал рукIанин рищиязда гIахьаллъизе, амма хIалтIул гIемерлъиялъ регIичIин. Кандидатас абуна рищияздаса хадув тIагIун чIеларин, МугIрузул Дагъистаналъул социалиял суалал тIураялъе хIалтIилин лъай кьеялъул, сахлъи цIуниялъул, гIолилазул политикаялъул, культураялъул, спорталъул бутIабазда бюджет цIикIкIинабиялъе квербакъи гьабилин. РакIалда буго пикро цебетIурал лъималазул ва гьезие кумек гьабиялъе фонд рагьизе, хIалтIи гьечIолъиялъул суалазда тIад хIалтIизе,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

КIалъазе вахъарав ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна депутат вищизе кколин халкъалда гьоркьоса ва гьев халкъгун цадахъ вукIинеги кколин. Мун гьединав вукIинин хьул бугин бихьизабуна гьес кандидатасдехун.

Гьединго кIалъазе рахъана гьесул гьалмагъзаби. Гьез тIадчIей гьабуна Маграмов ГIабдулмажид Варисович вугин жинцаго бицараб рагIуда нахъа ватулев, чIорогосел рагIи кьеял рукIунарев, мустахIикъав кандидат,-абун.

*АхIулгохIда рагъал ккаралдаса - 177 сон*

# АхIулгохIда рагъаразул сияхI

**(Авал арал номеразда)**

25. ЧIиркъатIаса Узу - ягъулей йикIана эменгун цадахъ, гьев хвараб мехалда, инсул ярагъги борчун, ахиралде щвезегIан бахIарчиго ягъана, чанго нухалда лъукъана ва асирлъуде ккана. ХIакъираб асирлъиялдаса гIажалго тIаса бищулаго, гIицIал кверaлгун гьей тушманасде тIаде йортана ва гIурусаз хучдул тункун чIвана.

26. ЧIиркъатIаса Эсенбулатил Алжанат - гIолохъанай магIарулай, Узу ва Рузмайго гIадин, лебалго ягъана, асирлъуде ккана, гьений гIакъуба-гIазабги хIехьон хвана.

27. ЧIиркъатIаса Пата - чIварав вацасул ретIелги ретIун бахIарчиго ягъана. Лъукъарай гьей тушманасухъе асирлъуде ккана на гьений хвана.

28. ЧIиркъатIаса ПатIина - гьеб росулъа цогидал руччабаздаго цадахъ гъалбацIгIадин тириго ягъана, гIурусазухъ асирлъуда хвана.

29. ЧIиркъатIаса Шиладал ГIалил ва ПатIиматил яс Хажа - байбихьудаса ахиралде щвезегIан бахIарчилъиялда ягъана, лъукъарай гьей асирлъуде ккана ва гьениса лъутизе къасд гьабулаго чIвана.

30. Машгьурав Сурхайил микьго сон барай яс. Жиндирго хъвай-хъвагIаязул табтаралда генерал П.Х. Граббеца гьадин хъвалеб буго:

«...27 август. Кутакаб багIари. Нахъеги I3 чи асирлъуде вачун вачIана. Щвана Щульцихъе ваккизе. Экспедициялда гьев лъабабилеб нухалдаги лъукъун вуго. Сурхайил ясалъул берцинлъиялъ битIахъего хIайранлъизарула. Нохъазда жеги вахчун вуго нусиялда кIикъоялда анцIгоялде гIагарун магIарулав». *(Граф П.Х., «Хъвай-хъвагIаязул книжка». Москва, I888 сон, I24 гьумер).*

3I. ЧIиркъатIаса Букусил вас Уллубий.

32. Аргъваниса ХIасан Чанчара.

33. Гьарадерихъа Муртазал ХIасан.

34. ГIоратIаса ХIажияв Юсуп.

ЧIиркъатIаса Уллубий Букусидаса байбихьун 35 чиясул хIакъалъулъ баянал лъана машгьурав гIарабист, Кавказалъул рагъул тарих гъваридго лъалев, цIакъго хIеренав, хабар гьуинав, намус-яхI тIокIав магIарулав, I997 соналъул апрелалда нилъедаса ватIалъарав ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадил живго бетIергьанаб архивалдаса. Заманаялъ тIогьиллъизабураб кIиго тIанчида хъвараб гьеб сияхI ракI разиго кьолаго МухIамадица абуна: «I964 соналда СССРалъул ГIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул филиалалъул Тарихалъул, мацIалъул ва литератураялъул институталда хIалтIулаго, доб заманалда гьелъул директорлъун вукIарав Даниялов ХIажигIалица Шамилил хIакъалъулъ документал лъазаризелъун дун Калугаялде витIун вукIана. Цо делоялда жаниса дица хъвана АхIулгохIда асирлъуде ккарав ва I839 соналда Калугаялъул губерниялде къватIиве витIарав 35 магIаруласул цIар. I860 соналда гьел киналго жеги чIаго рукIун руго. Нижер хIисабалда рекъон гьев 35 асирасда гьоркьор гIемерисел магIарулал рукIана гIолилал ялъуни лъимал, щайгурелъул доб заманалда гIемерисел асирлъуде ккарал лъимал, руччаби ва хараби рукIиндал. Гьеб сияхIалда бихьизабун буго ичIго чи АхIулгохIдаса вукIанилан, амма ни лъеда лъала гьединаб росу букIинчIеблъи. Балагьараб мехалда гьел рукIун ратизе руго цIакъго гIисинал лъимал (гьезул кIиго-лъабго сон букIун батизе ккола), эбелэмен хварал гьезда жал щиб росулъаяли бицине лъалеб букIун батиларо. Нижер пикруялда рекъон гьел рукIун ратизе руго ГIашилтIаса, ЧIиркъатIаса ва ГIоратIаса. ГIашилтIа ва ЧIиркъатIа росулъа киналго гIадамал лъималгун цадахъ АхIулгохIда рукIана. Гьениб букIана лъебергоялде гIагарун ГIоратIа росулъа гочараб хъизан...»

35. ГIоратIаса ХанмухIамад Гъазияв.

36. АхIулгохIдаса Сулейманов ХIадис.

37. ХъахIабросулъа НурмухIамадов ГIалимирза.

38. Гертмаялдаса Шамсудинов МухIамад.

39. ХъахIабросулъа Махов Гъайирбег.

40. БуцIраса МухIума Херни Ражаб.

4I. АхIулгохIдаса Нуричо Чунуха.

42. ГIашилтIаса МухIамад Багьадур.

43. ГIашилтIаса МухIамадов НурмухIамад.

44. АхIулгохIдаса Мирзабег Читулин.

45. АхIулгохIдаса Гереев Герейхан.

46. АхIулгохIдаса Пумардибиров Муртаза.



47. АхIулгохIдаса Узин Узинович.

48. Гьидалъа ХIажимухIамадов НурмухIамад.

49. АхIулгохIдаса ИсмагIилов Ханав.

50. Инхоса МухIамад Юнус.

5I. Къарахъа МулламухIамад Падил.

52. ЧIикIаса Муса Ахкай Пумар.

53. ЧIикIаса ГIабдулгIазизил вас РамазанхIажи.

54. АхIулгохIдаса Юсупов Халил.

55. АхIулгохIдаса Юсупилав Хандалав.

56. ЧIикIаса Хириндат.

57. Тицалдаса Малла Даниял (тумав).

58. Миякьоса МухIамад Токло.

59. Миякьоса АхIмад ГIабдула.

60. Миякьоса Шамил ГIабдула.

6I. КъурамухIамад Ибияв (тумав).

62. ХъахIабросулъа Абакар МухIамад.

63. АхIулгохIдаса ГIалимухIамадов ХIажияв Шалбузан.

64. ХъахIабросулъа РахIима, (асирлъуде ккун ячун аралъуса Аргъваниса гьалмагъгун тIурун ячIун йиго)

**(Ахир бук1ине буго)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 37 (7229)*
*9 сентябрь 2016 сон*



# Садовод

**Страница в номере**



15 сентябрь - день единства народов Дагестана

# Знай свой край!

15 сентября - День единства народов Дагестана. Праздник отмечается ежегодно именно 15 сентября по решению Третьего съезда народов Дагестана, проходившем в его столице Махачкале в декабре 2010 года. Но тесно привязан он к другой исторической дате - разгромной победе дагестанцев над иранским полководцем Надир - шахом в теперь уже далеком от нас 1741 году.

Надир - шаху было мало своей территории. И он решил покорить соседние народы, расширить свое государство, в том числе и за счет Дагестана. Сказано - сделано! В двух мощных колоннах он собрал стотысячное войско. Одну колонну поручил возглавить боевым полководцам Люфт-али-хану, Гайдар-беку и Фет-али-хану. Вторую колонну решил вести сам. По пути к месту решающего сражения в Андапальской долине нес жителям горной страны разорение и разрушение, повсюду сеял смерть. Но жестокость ему не помогла. Напротив, она сплотила дагестанцев, заставила их вооружиться, и единым фронтом выступить против общего врага. К долине к назначенному часу и дню пришли гидатлинцы, карахцы, гамальцы, багулялыцы, койсубулинцы, которых с тыла также поддержали лезгины, лакцы, кумыки, кубачинцы, даргинцы и джарские ополченцы. Ожесточенная битва, в которой дагестанцы нанесли сокрушительное поражение Надир-шаху ярко описана в народном эпосе «Гроза Вселенной», который и донес до нас из тех далеких времен повествование о военном триумфе этой не большой, но свободолюбивой и гордой горной страны. Яростное сражение длилось целых пять дней, и по их завершении воинства Надир-шаха не выдержало натиска и отступило, неся огромные потери. Для других врагов Дагестана это явилось поучительныи и хорошим уроком.

У Дагестана поразительный демографический подъем. В 1897 году, к примеру, на его территории проживало без малого шестьсот тысяч человек. А теперь население увеличилось почти в пять раз и достигло практически трех миллионов. По плотности - это один из самых густонаселенных регионов Российской Федерации. Разнообразен он и по национальному составу. Дагестанцы говорят на двадцати семи языках и семидесяти диалектах и наречиях. На территории страны мирно уживаются почти сто национальностей и народностей. Самых крупных - четырнадцать: аварцы, агулы, азербайджанцы, даргинцы, кумыки, лакцы, лезгины, таты, табасараны, ногайцы, рутульцы, русские, цахуры, чеченцы-аккинцы. Плюс к ним грузины, белорусы, украинцы, горские евреи, казахи - всех представителей долго перечислять.

Разнообразен Дагестан и по своим природным условиям. Высокие вершины Большого Кавказа, прямой выход к самому полноводному в мире озеру - морю седому Каспию, в который впадает великая русская река Волга. Тут тебе и самый большой в мире бархан Сарыкум, и Гунибское плато, великолепные и неоглядные альпийские луга. Дагестан - это привлекательный для туристов регион. Причем, сюда на отдых приезжают не только жители самой горной страны, но и из ближнего и дальнего зарубежья. Летом - чтобы позагорать на золотых песчаных пляжах и поплавать в голубых каспийских волнах. Зимой - чтобы промчаться по снежным горным склонам на лыжах или снегоходах.

Привлекательны своими национальными архитектурными ансамблями города Дагестана - Дербент, Хасавьюрт, другие, в том числе и красавица Махачкала - столица республики. Дербент практически вплотную подходит к Каспийскому морю и является одним из крупных бальнеологических курортов. В его окрестностях - источники минеральных вод, лечебные грязи. Летом и в «бархатный сезон» они полны отдыхающих, отпускников, школьников и студентов.

На всю Россию известен курорт Чиндирчеро. Зимой - это десять километров снежных трасс. Катайся с утра до вечера, сколько душе угодно. Летом - тоже катания, но на горных велосипедах, джипах. Конные прогулки по горным склонам. Есть гостиницы с комфортабельными условиями. Есть дискотеки, караоке. Всегда в наличии и широком выборе кавказские вина и свежие овощи и фрукты. Словом, приедете, отдохнете, наберетесь сил и потом дома долго еще будете вспоминать этот гостеприимный горный курорт.

На курорте Талги есть одноименный с ним в названии источник. Минеральной воде по вкусу и лечебным качествам нет равной во всей Европе.

А вот курорт Каякент находится у термального озера Дипсус. В нем лечат и торфяными грязями. Это бальнеологический грязевый курорт. Можно поправить свою нервную систему, подлечить опорно-двигательный аппарат, избавиться от кожных заболеваний.

Дагестан дал России и миру многих знаменитостей. Вспомним Расула Гамзатова! И песню, написанную на его стихи «Журавли»! Как она проникновенна, и трогает за сердце и душу!

И уж все на планете знают знаменитую Елену Исинбаеву - олимпийскую чемпионку по прыжкам с шестом в 2004 и 2008 годах, к тому же установившую 26 (!) мировых рекордов!

А еще Дагестан - это ахтынские и лезгинские ковры, на которые всегда большой спрос. Широкий выбор ювелирных изделий. Шикарные бурки из овечьей шерсти.

## О Дне единства народов Дагестана

В соответствий с Указом Президента Республики Дагестан от 6 июля 2011 г. № 104 «О Дне единства народов Дагестана» Правительство Республики Дагестан постановляет : Считать 15 сентября 2016 года нерабочим праздничным днем.

# Командно-штабные учения «Кавказ-2016»



В Унцукульском районе начались стратегические командно-штабные учения «Кавказ-2016» 5 сентября в администрации Унцукульского района состоялось совещание, посвященное обсуждению начавшихся стратегических командно-штабных учений «Кавказ-2016». Как сообщил в самом начале совещания и.о. заместителя главы администрации по общественной безопасности Магомед Гамзатов, утром 5 сентября в 9.45 Унцукульский район получил учебный сигнал, после которого начались учения.

О том, что представляют из себя эти военные учения и в чем их предназначение, рассказал начальник отдела ВК РД по Унцукульскому району Шамиль Магомедов. Военные учения «Кавказ-2016» будут проведены на полигонах Южного военного округа и в акваториях Черного и Каспийского морей с 5 по 10 сентября.

Учениям предшествовала самая масштабная за полтора года проверка боеготовности вооруженных сил. Шамиль Магомедов обозначил главные задачи, которые стоят перед главами сельских поселений и руководителями организаций и учреждений района в связи с начавшимися учениями. Среди них – охрана государственно-значимых объектов, школ, больниц, детских садов и других.

Учения продлятся до 10 сентября 2016 года.

# Внимание! Операция «Оружие. Выкуп»

Наиболее опасным в структуре современной преступности являются насильственные преступления. Ими ставиться в опасность и причиняется вред прежде всего здоровью и жизни человека. Государство, осуществляя конституционные обязанности защиты прав и свободы граждан, устанавливает особый запретительный и разрешительный режим в отношении оружия.

С 20 августа 2016 г. по 31. 12. 2016 г. на территории РД начали операция под названием «Оружие-Выкуп». По сравнению с прошлым годом в постановлении Правительства от 24 апреля 2014 г. № 184 завышены цены на нарезные оружия.

Граждане, которые сдали добровольно оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества освобождаются от уголовной ответственности и вознаграждаются денежными средствами

## СТОИМОСТЬ огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предпологаемого выкупа у граждан

| № | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. за единицу |
|---|---|---|
| 1 | Пистолет или револьвер | 30000 |
| 2 | Автомат | 40000 |
| 3. | Пулемет | 50000 |
| 4 | Подствольный гранатомет | 30000 |
| 5 | Ручной противотанковый гранатомет | 30000 |
| 6. | Однаразовый гранатомет или огнемет | 30000 |
| 7 | Винтовка СВД | 40000 |
| 8 | Пистолет-пулемет | 30000 |
| 9 | Охотничий карабин | 6000 |
| 10 | Охотничье гладкоствольное ружье | 3000 |
| 11 | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1000 |
| 12 | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1000 |
| 13 | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 2000 |
| 14 | Самодельное стреляющее устройство | 500 |
| 15 | Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за грамм | 5 |
| 16 | Взрывное устройство (устройство, включающее в себе ВВ и СВ) | 2000 |
| 17 | Средство взрывания (электродетонатор, капсюл-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и злектропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 200 |
| 18 | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 2000 |
| 19 | Выстрел к РПГ | 2000 |
| 20 | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 1500 |
| 21 | Ручная граната | 1500 |
| 22 | Мина | 1000 |
| 23 | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 10 |
| 24 | Винтовка типа Мосина | 10000 |

# Аппараталъулаб совещаниялда

«Ниж рукIана киналго росабалъ, хасго щвана гьеб унтул гIаламатал тIатарал росабалъе»,-ян абуна гьес.

-ГьабсагIаталда унти гIодобе кколеб буго. ЦIияб унтибакки гьечIо, нижеца кьурал дарабаз унтараб боцIиги сахлъулеб буго. БоцIул бетIергьабазеги нижеца малъа-хъваял гьаруна гьеб бахинчIого букIиналъе. Вакцинация гьабураб боцIи унтичIо.

Данделъиялда бицана налогал ракIариялъул, кIвар буссинабуна цIа гIадав революционер М. Дахадаевасул рахъалъ гьарулел тадбиразде, тIадчIей гьабуна лъел суалалдаги.

Терроризмалдагун экстремизмалда хурхун районалда гьабулеб хIалтIул бицана М. ХIамзатовас. Гьес бицана гьабсагIаталда районалда унеб бугин «Защита» операция,-абун. -Хал гьарулел руго школазул, садиказул «тревожниял кнопкаби» ругищали, тIатинарурал бандподпольялъул хъизаназде гьарулел руго обходал. НВФялъулазул 45 къоролай йиго районалда, буго 77 саназде бахинчIеб лъимерги. Гьезие киназего щола пенсия, пособия. «Радость сирот» акциялдаги гIахьаллъана нилъер районалдаса лъимер.

# Беслан кIочене ихтияр гьечIо

*(ЧIвана 334 чи, гьездасан 186 лъимер, 20 къуваталъулав, лъукъана 800 чи)*

Заманаялъ лъай-гIакълуялдаса бацIцIунаребги букIуна лъугьа-бахъин. I2 сон ана Бесланалда балагь ккаралдаса. Теракталъ босун ана 334 чиясул гIумро, гьездасан I86 ккола лъимер. Санал аниги жакъаги ракIазулъ буго бакIлъи, сахлъулареб унти ва пашманлъи. Кьолеб буго щай, сундуе гIоло?,-абураб суал.

3 сентябрь нилъер районалда лъазабун буго терроризмалде данде къеркьеялъул къолъун. Киса-кирго унел руго Беслан ракIалде щвезабиялъул къоял. 2004 соналда Бесланалда ккараб гьеб иш ракIалде щвезабизе данделъун рукIана гьал къоязда районалъул чIахIиял классазул цIалдохъаби. «Терроризму нет!»,-ян абизе рачIун рукIана цIалдохъаби, учительзаби, администрациялъул хIалтIухъаби, учреждениязул, духовенстваялъул ва СМИялъул хIалтIухъаби.

ТIолгохалкъалъулго пашманлъиялъул къоялъ терроризмалъул идеологиялъул заралалъул бицун доклад гьабуна Шамильхъалаялъул школалъул учительница П. ГIалиевалъ. «Лъимал ва терроризм гьеб буго кIиго рагIи кинго аскIор рекъоларел,-ян абуна гьелъ. Лъимал ккола рохел, релъи, гьими. Террор ккола – къварилъи, магIу, пашманлъи. Кин бугониги 2I гIасру ккана терроризм тIегьараблъун. Дунялалдаго тIибитIун буго гьеб. Гьелъ кьал бекьулебги буго ракьул шаралда тIад. Бищунго квеш ккараб жо – гьеб буссинабун буго халкъалде данде. Гьеб ккола нилъер гIасруялъул къавуда. Гьелъ нилъ цолъизе ккола,-ян абуна педагогалъ.

БетIерасул зам. М. ХIамзатовас бихьизабуна: теракт Бесланалда буссинабун букIана гIицIго Бесланалде ва Северияб Осетиялде данде гуреб, тIолабго Россиялде данде. I2 соналъ цебе II30 чи гъоркьлъалиеги восун гьабуна гьеб. I-3 сентябралде щвезегIан ккуна гьел лъим, квен кьечIого. Гьединаб



гIаданлъи гьечIолъи ракьалда гIемер букIинчIо. Нужер нухда дандчIвагеги балагьал ишал!

ХIалалъ магIу ккун данделъиялда кIалъана поселокалъул имам ХI. ГIисаев. «Щиб жо балагьулел рукIарал гьел гIадамал гIисинал лъималги чIван. Бищунго хIехьезе кIолареб жо, гьел исламалда нахъа рахчулел рукIин, гьебги гIицIго кинабго лъикIабщиналда ахIулеб диналда. ЦIалдохъабазда бихьизабуна «Вербовщикал»,-абураб документалияб фильмги.

# Къурбан хъвеялъул хIукмаби

Къурбан хъвеялъул хIакъалъулъ Къуръаналда абулеб буго:

«Дуца дур БетIергьанасе гIоло, Гьев разилъиялъул мурадалда какги бай, Къурбанги хъве»,-ян.

Цоги хирияб аяталда буго:

«Аллагьасухъе нужеца хъурал къурбаназул биялги гьаналги щоларо, киниги Гьесухъе щола Аллагьасукьа бугеб хIинкъи»,-ян унго-унголъун Аллагьасукьаги хIинкъун, Гьев разилъиялъул мурадалда Къурбан хъве, гьеб Аллагьас къабул гьабулилан».

Къурбан хъвезе ракIалда бугев чияс Зул-хIижжаталъул тIоцебесеб къоялдаса байбихьун Къурбан хъвезегIан черхалдаса я рас, я малъ къунцIичIого тезе суннатаб буго, ай къунцIизе карагьатаб буго.

Къурбаналъул хиралъиялъул хIакъалъулъ хирияб хIадисалда нилъер Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго:

«Къурбан хъолеб къоялъ инсанас гьабулеб гIамалалъул бищунго Аллагьасе бокьулеб гIамал би гIодобе тIей буго, ай Къурбан хъвей буго». Гьебго хIадисалъул ахиралдаги буго:

«Къурбаналъул бидул тIири ракьалде бортилалде цебе гьеб тIири Аллагьас тIадегIанаб бакIалде бахине гьабулилан».

Тирмизияс бицараб цоги хIадисалдаги буго: «Къурбаналъул щибаб рас рикIкIун бетIергьанчиясе кири хъвалилан».

Къурбан хъвей муаккадал, ай нилъер Хирияс тIадчIей гьабурал, рес букIаго нилъецаги тезе бегьуларел суннатаздасан цояблъун ккола. ХIатта цо-цо имамзабаз фаризаяб бугин абулебги буго. Амма гьеб хъвезеян абун назру гьабуни, гьеб мехалъ гьеб Къурбан хъвезе тIадаб буго. Гьеб тIадаб Къурбаналъул щибниги жо кваназеги бегьуларо, кинабго, хIатта тIом-квасгицин мискинзабазе кьезе ккола. Гьединго кваназе бегьуларо васият гьабурав чиясдасан хъураб Къурбаналъул гьанги. Амма васият гьабурав чияс абуни, дидаса Къурбаналъе хъураб жоялъул кколеб бутIа мискинзабазеги кьун, хутIараб кванай,- абун, гьеб мехалъ кваназе бегьула. Васият гьабичIев хварав чиясдаса Къурбан хъвезе бегьи – бегьунгутIиялда хилаф буго. Хъвезе бегьулин абулел гIалимзабиги ругелъул, гьелдаса пайда гурони зарал щвеларо. Къурбан хъвезе суннатаб буго бусурманав, гIакъилав балугълъарав чиясе, Къурбан хъвеялъул хадусеб лъабабго къоялъги жиндиеги жинца хьихьизе кколел чагIазеги кваназе гIолеб жоги батани, гьелдаса тIокIлъараб жоялдаса Къурбан хъвей муаккадаб суннат буго. Рес рекъани, рукъалъул агьлуялъул щивасдаса хъвезеги суннатаб буго, амма цоясдаса хъуниги рукъалъул агьлуялъул киназдасаго суннат тIаса ккола. Къурбаналъе хъвезе бегьулел хIайванал вараниги, чIегIерхIайванги, гIиялъажоги буго. Рес гьечIев чияс гIанкIу хъуниги, хъвезе бегьулиланги буго, Аллагь разилъаяв ибну ГIабасица гьедин абунилан буго. (Бал: «ШархIул Мафруз», 202 гьум.) Къурбаналъе бегьизе ккани, варанидул щуго сон тIубараб букIине ккола, чIегIерхIайваназулги цIаназулги кIиго сон тIубараб букIине ккола. ГIиялъажоялъул цо сон тIубараб букIине ккола, ялъуни анлъго моцIги тIубараб, цереса цабиги рортараб букIине ккола. Къурбаналъе хъолеб хIайван гьаналъе мукъсанлъи гьабулеб гIайибаздаса бацIцIадаб букIине ккола. Масала, цIакъго хIалакъабги бегьуларо, цIакъго рекъабги, цIакъго беццабги, цIакъго унтарабги бегьуларо, гIинзул цо бутIа къотIарабги бегьуларо, хъвалхьараб бегьула. Имам абу ХIанифилги имам Маликилги мазгьабазда рекъон гIинзул лъабго бутIа гьабун цо бутIа гIанисеб къадар къотIараб бугониги, гьебги бегьула. ГIундузул цо бутIа къотIараб гурони щолеб гьечIони, кIиявго имамасда нахъги рилълъун, гьебги хъвезе бегьула Къурбаналъе. ГIундул рорлъарабги, лълъурдул гьечIебги бегьула, балъ (суй) гьабурабги бегьула. ГIантаб бегьуларо, хъирис барабги бегьуларо, къинаб бегьулиланги абула. Къурбаналъе бищунго хъвезе хирияб варани буго, хадуб чIегIерхIайван буго, хадуб гIиялъажо буго. Варанидулги чIегIерхIайваналъулги анкьил бутIаялда гIахьаллъиялдаса цо гIиялъажо хъураб хирияб буго. ЦIцIе хъвеялдаса квасул жо хъураб хирияб буго, квасул жоялъулги куй хъураб хирияб буго, куйдузда гьоркьосаги хъахIаб, лълъурдулги чIахIияб хирияб буго. Киналго хIайваназда гьоркьосаги ч1ахIиял, кьариял хъуни хирияб буго.

***КЪУРБАН ХЪВЕЯЛЪЕ НИЙЯТ ГЬАБИ***

Къурбан хъолеб мехалъ нийят гьабила: «Дица нийят гьабула дирго черхалдаса, яги дун вакил гьавурав пуланав чиясдаса суннатаб Къурбан хъвезе, Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар».

Назру гьабун бугони абила: «Дица нийят гьабула дида назру гьабураб Къурбан хъвезе (пуланасдаса яги жиндасаго) Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар»,-абун.

Нийятги Къурбан хъолеб гIужалъ гьабизе ккола. Къурбан жиндасаго хъолеб бугони, жиндирго квералъ хъвезе суннатаб буго, жинцаго хъолеб гьечIони, хъолеб гIужалда аскIов вахъун чIезе суннатаб буго. Нилъер хирияв Аварагас (с. т. гI. в.) Аллагь разилъаяй жиндирго яс ПатIиматида абуна:

«Мун тIаде яхъа, дурго Къурбаналда аскIой яхъун чIа, гьелъул тIоцебесеб бидул тIири тIинкIараб мехалъ дур церехун арал мунагьал чурула»,-ян. ХIадис ХIакимица бицана кьучIаб иснадалдалъун.

Хъвезе цоги чи вакил гьавулев вугони, нийят гьаби вакиласде тIамизеги бегьула. ГIиялъажо хъолеб бугони, нийят цо чиясдасан гурони гьабуларо, кирия лъулъ бокьа-бокьарал чагIи гIахьал гьаризеги бегьуларо. ЧIагояв чиясдаса Къурбан хъвезе бокьани, гьесул изну къваригIуна, изнуги гьечIого чIагояв чиясдаса хъураб Къурбан къурбанлъун букIунаро. Хварав чияс васият гьабун гьечIони гьесдаса Къурбан хъвезе бегьуларо, кьучIаб рагIиялда бан. Амма бегьизеги бегьулин, кириги щолилан абулел гIалимзабиги руго. Балагье: «Сиражул вагьгьажалде», «ЩархIул Мафрузалде», «Уммул баяналде», ва гь. ц.

Къурбан хъолев чиги Къурбаналъе хъолеб хIайванги Къилбаялдехун руссун рукIине суннатаб буго. Къурбан хъолеб мехалъ «Бисмиллагь» бахъила, цинги свалат битIила, цинги лъабцIул «Аллагьу акбар» абила, цинги гьаб дугIа цIалила:

«Аллагьума гьаза минка ва илайка фатакъабал мини»,-абун. Нусги лъухьун рекIинабизе суннатаб буго, хъолеб хIайванги бехъерхъун бачинчIого, бигьаго хадуб цIан бачина. Нусги хIайваналда бихьизе теларо, цояб хIайванги тIаде балагьун букIаго, гьелда цебе цогидабги хъвеларо, мукъулукъалда нусги хехго бахъила. Къурбан хъолеб гIуж байбихьула ГIидалъул къоялъ хочол къадаралъ бакъ бахун хадуса, гьеб ккола, бакъул тIогьиллъиги ун, бакъ хъахIлъараб заман, гьелдаса байбихьун ГIидалъул къоялъги хадусеб лъабабго къоялъги Къурбан хъвезе бегьула. Ахирисеб къоялъул маркIачIул гIужалда Къурбан хъвеялъул заман лъугIула.

Хъураб Къурбан назру гьабураб бугони, гьеб хъурасги, гьес хьихьизе кколел чагIазги кваназе хIарамаб буго, кванараб жоги мискинзабазе бецIизе ккола, къимат кьунги, кванараб къадар кьунги. Амма суннатаб Къурбан абуни, гьелъул цо бутIа, яги гьанал кесек мискинзабазе гIатIгояб хIалалда кьезе тIадаб буго, хутIараб гьан хъурасги, гьесул агьлуялъги кваназе бегьула, бакъвазе базеги бегьула.

Унсоколо районалъул пачалихъиял идарабазул ва гIадамазе хъулухъ гьабиялъул профсоюзалъул комитеталъ гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго Даитова Хадижатида ва гьелъул гIагарлъиялда вац **ХIасан** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Унсоколо район муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул бетIерас, киналго хIалтIухъабаз ва районалъул собраниялъул депутатаз гъваридаб пашмалъиялдалъун зигара балеб буго Шамильхъала поселокалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Даитова Хадижатида гьелъул вац **ХIасан** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 9. 8. 16 г. 16. 20
фактически -17. 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раза в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.